

Telefòn pou fanm ki pale franse kap sibi vyolans an Ontaryo se: *1-877-336-2433* bay sèvis 24 sou 24. Pou Fanm ki soud ou byen ki pa tande byen, nimerò a se: TTY *1-866-860-7082*.

Yo bay sèvis la de fason konfidansyèl e anonym. Yo gen pou diskite sou siy avètisman abi ke ou te wè e ba ou kèk konsèy sou fason pou bay èd.

Disponib an Fransé e lan lòt lang

Finanse pa Gouvèlman Onrario

Pou plis enfòmasyon sou sèvis pou fanm ki sibi vyolans vizite: *www.briserlesilence.ca*

Pou plis enfòmasyon vizite:
www.voisinsamisetfamilles.on.ca

Nan ka ijan, rele lapolis.

*Vwazen,
Zanmi
ak Fanmi*

*Siy avètisman
pou idantifye
e ede fanm ki
ka sibi vyolans*

CRÉOLE



Eske ou santi ou konsène osijè yon moun ou kwè k-ap sibi abi? Rekonèt siy ki montre ka gen vyolans sou fanm se yon premye pa.

Nan ka ijan, rele lapolis.

Li fè fanm lan santi- l pa anyen

Li vle ke se li ki pou sèl kòk chante, fanm lan pa gen dwa pale

L-ap veye fanm lan tout kote menm lan travay li

L-ap eseye pase pou yon viktim e l-ap aji kòm si li te sou depresyon

L-ap chèche ekate fanm lan de lòt moun

L-ap aji kòm si dam lan se byen prive-l

L-ap bay manti pou-l ka pase pou pi bon ou byen li nan pale paròl van pou montre bon kalite

ke li swa dizan genyen

L-ap aji kòm sidire li siperyè e li gen plis valè pase tout lòt moun kap viv nan kay la

Konsèy ki lan kat sa a bon tou, pou koup masisi ak madivinèz.

Sitiasyon an kapab vinn pi grav, pi danjere si, an plis de siy avètisman abi yo: koup la fenk separe, gen problèm pou konnen ki lès ki dwe gade ti moun yo; li gen aksè a zam; li kwè ke fanm lan gen yon lòt minnaj; li te konn abitye bat fanm e fe vyolans sou lot moun tou e li menase fè vyolans sou ti moun yo ak bèt domestik, ou byen li menase kraze tout sa madanm nan genyen.

Dam lan kapab vle sere pou nèg la e chache eskiz pou li ou byen li kapab vinn agresif e an kolè.

L-ap tranble lè l-ap pale devan nèg la

Li sanble yon moun ki malad e li manke jou travay pi souvan

L-ap chache kache mak blesi ke-l genyen sou po li

Li chache eskiz jiska la dènyè minit pou li di-w pou kisa li pa-t ka vini nan randevou a ou byen l-ap eseye kache lè li wè ou lan la ri

Li parèt tris anpil, lese poukont, izole, e efreye

Li pran plis dròg ou byen li bwè plis tafya pou-l ka kenbe